Odyans Piblik

# PWOJÈ KAPITAL

Metropolitan Transportation Authority nan non MTA New York City Transit ansanm avèk filyal li yo – MTA Long Island Rail Road, MTA Metro-North Railroad, MTA Capital Construction Company, ak MTA Bus Company (kolektivman "MTA") ap òganize yon odyans piblik pou mande kòmantè sou pwopozisyon sibvansyon federal MTA pou Ane Fiskal 2020. MTA a resevwa lajan federal konfòmeman avèk Administrasyon Transpò Federal (FTA) nan Seksyon 5307 nan Depatman Transpòtasyon Etazini ak/oswa Seksyon 5309, 5324 (FTA Emergency Relief), 5337 ak 5339 Tit 49, nan Kòd Etazini (Kòd la), Tit I nan Lwa sou Transpòtasyon Sifas Etazini (FAST Act) ansanm avèk lòt afektasyon federal. Gouvènè Eta New York, otorite lokal yo, operatè sèvis transpò piblik yo te deziyen MTA pou resevwa kalite sibvansyon sa yo.

Lajan yo mande a se pou kategori pwojè kapital yo ki liste anba e yo pi byen dekri nan Pwojè Pwogram MTA yo. Pwojè Pwogram MTA yo disponib pou revizyon nan www.MTA.info oswa lè ou rele nimewo ki liste anba. MTA mande epi ankouraje kòmantè founisè transpò prive yo. Amelyorasyon Kapital nan kad Pwogram sa a fèt jeneralman nan rezo MTA oswa nan yon pwopriyete vil la oswa Eta posede. Akizisyon byen oswa relokasyon ap fèt konfòmeman avèk dispozisyon legal ak reglemantè apwopriye yo. Pwojè yo ki nan odyans sa a fè pati nan Pwogram Kapital MTA 2020-2024, oswa ki fè pati nan Pwogram Kapital 2010-2014 / 2015-2019 ki te apwouve oswa modifikasyon yo te pwopoze. Pwogram 2020-2024 ki pwpoze a e Eta New York potko apwouve modifikasyon pwogram 2010-2014 / 2015-2019 la. Pwosesis pou apwouve pwogram yo ka lakoz nan chanjman nan pwogram kapital ki pwopoze yo.

Pwojè kapital yo te apwouve oswa ap andose pa Óganizasyon Planifikasyon Metropoliten pou rejyon metropoliten New York epi konfòme avèk Plan Enplemantasyon Eta (SIP) jan li obligatwa daprè Lwa modifye 1990 sou Kalite Lè. Pwojè a pa ta dwe gen okenn enpak negatif anviwonmantal enpòtan. Si FTA prepare yon deklarasyon fòmèl sou enpak anviwonman an sou nenpòt nan pwojè pwopoze yo, MTA ap emèt yon avi piblik pou rann deklarayon an disponib. Tout egzijans legal yo ki gen rapò avèk kliyan granmoun ansanm avèk sa ki andikape ap satisfè.

Li prevwa nenpòt diferans ant depans pwojè a ak lajan sibvansyon federal la ap satisfè grasa lajan ki te disponib pa youn oswa yon konbinezon ajans kredi ki afilye lokal ak eta pou pataj pwojè ki pa federal ki jenere grasa revni tòll annakò avèk lwa federal (23 USC 120 (i)), oswa lavant byen oswa pwogram revni.

Nan Ane Fiskal Federal 2019, MTA kalifye pou resevwa yon estimasyon $672.8 milyon nan lajan seksyon 5307, $795.3 milyon nan Seksyon 5337 State of Good Repair funds, ak $28.6 milyon nan Lajan pou Enstalasyon Otobis ak Bis. Repatisyon pou Ane Fiskal Federal Ane 2020 la poko disponib. Lajan Federal yo dwe jeneralman matche a yon kontribisyon lokal pataje pou asistans kapital 20 pousan pou pifò kategori finansman yo.

## KATEGORI PWOJÈ/DEMANN FEDERAL ESTIME (DOLA AN MILYON)

### LONG ISLAND RAIL ROAD

| Kategori Pwojè | $M |
|---|---|
| Materyèl Woulan | $80.00 |
| Estasyon | 70.11 |
| Ray | 442.00 |
| Liy Estrikiti | 67.08 |
| Kominikasyon ak Siyal | 105.50 |
| Acha ak Santye | 32.96 |
| Elektrisite | 314.80 |
| Divè | 138.40 |
| **Total LIRR** | **$1250.85** |

### METRO-NORTH RAILROAD

| Kategori Pwojè | $M |
|---|---|
| Estasyon | $158.42 |
| Ray ak Estrikti | 158.76 |
| Elektrisite | 10.70 |
| **Total MNR** | **$327.88** |

### OTOBIS MTA

| Kategori Pwojè | $M |
|---|---|
| Etablisman | $4.89 |
| Acha otobis | 59.19 |
| **Total Otobis MTA** | **$64,08** |

### KONPAYI KONSTRIKSYON KAPITAL

| Kategori Pwojè | $M |
|---|---|
| Aksè Penn Station | $904,76 |
| **Total Otobis MTA CC** | **$904,76** |

### TRANSPÒ VIL NEW YORK

| Kategori Pwojè | $M |
|---|---|
| Machin Tren | $1 500,00 |
| Ranplasman Otobis | 57.52 |
| Estasyon Pasaje | 5,294.98 |
| Ray | 160.72 |
| Liy Ekipman | 115.69 |
| Liy Estrikiti | 449.44 |
| Siyal ak Kominikasyon | 211.64 |
| Rezo Elektrik | 355.99 |
| Acha ak Santye | 78.80 |
| Depo | 133.25 |
| Divè/Ijans | 73.86 |
| **Total NYCT** | **$8 431,89** |

| | |
|---|---|
| **MTA GRAN TOTAL** | **$10 979,46** |

**DAT, LÈ, AK LOKAL ODYANS LAN**
**Mèkredi, 15 Janvye 2020**

Odyans lan ap kòmanse nan 5 p.m. Enskripsyon an-pèson nan lokal odyans lan ap kòmanse nan 4:30 pm e lap fini nan 6:00 pm

MOUN KI TE ANREJISTRE ALAVANS YO AP GENYEN PREFERANS POU YO PALE

**Sant Sèvis Kliyan MTA NYCT**

Zòn Resepsyon Bid NYCT, 3 Stone Street, New York, NY 10004 (ant Broadway/Whitehall Street ak Broad Street)

**Pou Rezon Sekirite: Tout patisipan yo dwe bay yon idantifikasyon gouvènman ki gen foto pou antre nan bilding lan. Nan fason pou akselere pwosesis enskripsyon an, nou mande pou enskri alavans. Patisipan yo nan reyinyon an gen obligasyon pou pase nan yon pwosesis sekirite lè yo antre nan bilding lan nan 3 Stone Street.**

**DIREKSYON**
**Pa Tren:** 4 5 rive Bowling Green, R W rive Whitehall St, oswa 1 rive South Ferry, oswa J Z rive Broad St.
**Pa Otobis:** Pran M15 (lokal oswa SBS), M20, M55, SIM1, SIM1C, SIM2, SIM3C, SIM4/4X, SIM4C, SIM32, SIM34, SIM5, SIM15, SIM33C, SIM35, X27, X28, X37, X38, BM1, BM2, BM3 ak wout otobis eksprès BM4.
**Pa Bato Staten Island:** Pran Staten Island Ferry rive nan Tèminal Whitehall

Itilize **MYmta app** pou optimize planifikasyon vwayaj ou.

**POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON, POU ENSKRI ALAVANS POU PALE, OSWA POU SOUMÈT KÒMANTÈ**
Moun ki vle yo tande yo dwe enskri alavans, swa sou sitwèb MTA, lè ou rele nan (646) 252-6777, oswa an pèson nan odyans lan. Temwayaj aloral ap limite a twa (3) minit sèlman. Ou ka prezante temwayaj aloral oswa remèt deklarasyon ekri pito oswa pou konplete temwayaj oral ki konsènen plan sèvis yo pwopoze a. Nap aksepte imèl kòmantè sou entènèt. Ou ka soumèt kòmantè yo tou pa lapos nan: ***MTA Government & Community Relations, Atansyon: Capital Projects Public Hearing, 2 Broadway, B20.81, New York, NY 10004.***

**Yo dwe depoze tout deklarasyon alekri yo nan 6 p.m. nan dat 15 Janvye 2020.** Kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa pap konsidere.

**POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON OSWA POU RESEVWA YON KOPI NAN PWOJÈ PWOGRAM KONPLÈ MTA**
Kontakte Pwogram Capital MTA Funding & Grant Management, 2 Broadway, New York, NY 10004, oswa rele 212-878-7127.
Wap jwenn yon l konplè pwojè yo ki kalifye pou finansman daprè pwopozisyon sa a disponib sou sitwèb MTA. Wap jwenn enfòmasyon sou lokal piblik yo ansanm avèk pwojè yo ki kalifye pou finansman sou sitwèb MTA oswa lè ou kontakte MTA nan adrès oswa nimewo telefòn ki endike anwo a. MTA ap fè pwogram final pwojè yo disponib sou sitwèb li pou pwojè seksyon 5307-finanse lè FTA atribye sibvansyon pou pwochen ane fiskal la.

**AKSÈ AK SÈVIS ENTÈPRÈT**
Odyans lan te pwograme nan yon kote ki aksesib pou moun ki gen andikap.
Sèvis entèprèt ak American Sign Language services ap disponib sou demann, alavans nan anrejistreman pa pita pase 8 Janvye 2020 lè ou rele
**Liy telefòn Odyans Piblik la** nan **646-252-6777; reprezantan yo disponib ant èdtan nan 6:00 am ak 10:00 pm chak jou.**
Kliyan ki soud/gen pwoblèm tande dwe rele 711 pou sèvis relè, epi mande pou konekte yo ak Liy Odyans Piblik la pou kominike avèk yon ajan pou mande yon entèprèt langaj siy.

**Metropolitan Transportation Authority**

www.mta.info